



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE PREKOSYON DEVAN SISTÈM TANPÈT KI GENDWA LAKÒZ INONDASYON AK BLAKAWOUT JENERAL NAN TOUT ETA A

*Rafal van yo gendwa depase 112 KMH nan rejyon Lwès NY ak Finger Lakes; van 32-48 KMH avèk rafal jiska 88 KMH nan tout rès Eta a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te ankouraje jodi a Nouyòkè yo nan Rejyon Lwès New York ak Finger Lakes pou pran prekosyon kòm yo prevwa yon sistèm tanpèt ap apwoche pou pote gwo van ak lapli apati dimanch swa epi ki ap dire jiska madi maten, sa ki ka bay kòm rezilta inondasyon ak blakawout jeneral posib.

Yo predi ke rafal van yo ap depase 112 kmh nan pati santral ak lwès Eta a, avèk van 32-48 kmh ak rafal jiska 88 kmh lòt kote yo, gen ladan Rejyon Kapital la, Lower Hudson, Vil New York ak zòn kotyè Long Island yo. Nouyòkè yo ta dwe prete atansyon ak bilten metewolojik lokal yo epi pran mezi pou asire ke fanmi yo pwoteje.

"Tanpèt sa a genyen potansyèl pou lakòz blakawout jeneral nan pifò pati New York, epi mwen te bay enstriksyon ak resous repons ijans Eta a pou prepare yo pou ede patnè lokal nou yo si yo ta bezwen sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouyòkè nan tout Eta a ap respekte konsèy nou yo pou rete lakay pandan pandemi Covid-19 la, men tanpèt sa a fè apèl sa a pi ijan ankò."

Nan lendi, pifò Eta a pral kòmanse jounen an avèk gwo lapli ak rafal van avèk tanperati ki ap varye ant 50 degre piwo jiska 70 degre pi ba. Van yo pral soti jeneralman nan sid nan 24 jiska 48 kmh avèk rafal jiska 72 kmh nan rejyon Long Island ak Vil New York epi jiska 112 kmh oswa plis nan rejyon Finger Lakes ak Lwès New York. Kantite rafal yo pral jeneralman mwens pase mwatye yon pous nan tout Eta a, avèk jiska de (2) pous nan rejyon Vil New York ak Long Island.

Avètisman pou Gwo Van (High Wind Warnings) yo an vigè kòmanse lendi sou pifò rejyon Lwès NY ak lès Lak Ontario, gen ladan Konte Jefferson, kote yo prevwa rafal van yo ap depase 112 kmh nan kèk kote. Yo te pibliye tou Avètisman pou Inondasyon Bò Rivaj (Lakeshore Flood Warnings) pou zòn nan tout bò Lak Erie ak Lak Ontario. Yo te pibliye Alèt kont Gwo Van (High Wind Watches) pou rès Eta a. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewolojik yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewolojik Nasyonal (National Weather Service) la.

### **Preparasyon Ajans**

**Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò a genyen 3,773 sipèvizè ak operatè disponib nan tout Eta a ki prè pou reponn. Pèsonèl la nan rejyon ki plis afekte yo repati konsa:

- Finger Lakes: 319 sipèvizè ak operatè
- Rejyon Lwès NY: 564 sipèvizè ak operatè
- North Country: 430 sipèvizè ak operatè

Yo kapab repati pèsonèl la pou nenpòt kalite ekip entèkansyon ki nesèsè, gen ladan chasnèj, drenaj, kamyon dechiktez, chajman ak transpò, ak koupe ak jete. Yo pral re-evalye kontinyèlman bezwen pou deplwaman resous yo, gen ladan operatè yo, ekipman, mekanisyon yo, ak teknisyen sinyalizasyon sikilasyon yo pandan tout evènman an. Rejyon ki afekte yo pral anplwaye taktik distans sosyal yo jan sa apwopriye pou tout aktivite entèkansyon yo.

Ekip rejyonal yo angaje aktyèlman nan aktivite preparasyon entèkansyon kont van yo konsa:

- Zouti pou entèkansyon kont van yo, gen ladan jeneratè yo, twonsonez yo, enstalasyon limyè yo, zouti manyèl yo, kamyon dechiktez yo ap prepare ak chaje kòm kamyon entèkansyon pou deplwaman imedyà.
- Yo ap reyalize patwouy woutin yo pou asire sansibilizasyon sou kondisyon jeneral yo.
- Byenke yo pa prevwa aktivite entèkansyon kont inondasyon pou evènman sa a, yap reyalize tou aktivite preparasyon kont inondasyon ki nesèsè yo. Aktivite sa yo gen ladan enspekte bouch drenaj yo, kanivo ak lòt estrikti drenaj yo - ak netwaye nenpòt debri ki akimile nan yo.

Tout ekipman ki disponib pou reponn a inondasyon/van pare pou deplwaye. Tout kote rezidansyèl ki afekte yo pral gen anplwaye pou operasyon 24/7 pandan tout dire operasyonèl. Sipò mekanik ap disponib 24/7 pou kenbe ekipman entèkansyon yo operasyonèl.

Kantite ekipman ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 1587 gwo kamyon baskil (Finger Lakes: 125, rejyon Lwès NY: 213, North Country: 161)
- 48 kamyon chajè ki gen grapen yo (Finger Lakes: 7, rejyon Lwès NY: 6, North Country: 7)
- 278 chajè (Finger Lakes: 21, rejyon Lwès NY: 39, North Country: 38)
- 15 kamyon aspiratè ak jè egou (Finger Lakes: 1, rejyon Lwès NY: 2, North Country: 1)
- 31 ekskavatriis sou ray (Finger Lakes: 4, rejyon Lwès NY: 3, North Country: 3)
- 47 ekskavatriis sou wou (Finger Lakes: 5, rejyon Lwès NY: 4, North Country: 5)
- 62 traktè trelè ak trelè lowboy (Finger Lakes: 7, rejyon Lwès NY: 6, North Country: 9)
- 15 kamyon nasèl pou ekip pou netwaye pye bwa yo (Finger Lakes: 1, rejyon Lwès NY: 1, North Country: 2)

- 39 kamyon siyal sikilasyon (Finger Lakes: 4, rejyon Lwès NY: 7, North Country: 2)
- 78 kamyon dechiktez kapasite 10" (min) (Finger Lakes: 8, rejyon Lwès NY: 7, North Country: 8)

### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Pèsonèl Otorite Thruway yo ap siveye aktivman wout yo. Yo sèvi avèk Panno Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout (Highway Advisory Radio) la ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon meteyowolojik divè pandan yo sou Thruway la. Otorite Thruway la ap ankouraje otomobilis yo tou pou yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènnye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

### **Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)**

Sèvis piblik New York genyen apeprè 4,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, entèvansyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout evènman tanpèt la epi li pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsonèl ki apwopriye yo nan rejyon ke yo prevwa ki ka fè fas ak pi gwo enpak yo.

### **Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)**

Ofisyè Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònman yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Dijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan, sa gen ladan gwo van. Tout resous ki disponib yo, sa gen ladan 13 ekip ki ak twonsonez yo nan pozisyon estratejik pou ede nan retire pyebwa ak nan fè entèvansyon si sa nesèsè. Anplis de sa, tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt entèvansyon ijans.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation)**

Lapolis ak pèsonèl Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik yo annalèt epi yap siveye de prè kondisyon ak enpak meteyowolojik yo. Vizitè pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele davans pou dènnye mizajou yo konsènan lè pak la, ouvèti ak fèmti.

### **Lapolis Eta (State Police)**

Divizyon Lapolis Eta a mete prè resous ki gen ladan yo veyikil 4x4, ki gen aks wo yo, ak bato yo pou deplwaman jan sa nesèsè. Yo bay manm Patwouy yo enstriksyon pou rete annalèt elve, epi pou yon siveye de prè kondisyon yo pou pwoblèm pandan yap fè patwouy.

### **Lòt konsèy sekirite**

Si ou ap vwayaje pandan gwo lapli, tanpri fè atansyon pandan w ap kondwi epi sonje konsèy sekirite sa yo:

- PA eseye kondui nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.

- PA souzestime pwisans destriktè dlo k ap kouri vit. Dlo inondasyon ki mezire de pye e ki ap kouri vit yo ap leve machin ou an. Dlo k'ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.
- Kite bonè pou evite ke ou bloke sou wout ki inonde.
- Swiv wout yo rekòmande yo. PA inyore detou ijans yo pou ou ka al wè zòn ki inonde yo.
- Pandan ou ap vwayaje a, swiv emisyon Radyo Meteyo NOAA ak radyo lokal pou dènye enfòmasyon yo.
- Siveye wout ki inonde yo, glisman teren, dlo ki pete oswa tiyo prensipal ki pete, fil elektrik ki ap pandye oswa ki tonbe nan dlo yo, oubyen pyebwa k'ap tonbe oswa ki te tonbe yo.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Pare pou inondasyon ak move tan vyolan:

- Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou lamèn.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyoasyon ijans.
- Kenbe twous katastwòf la soulamen, avèk ladan:
  - Flach ak pil siplemantè
  - Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
  - Twous premye swen ak manyèl
  - Manje ak dlo pou ijans
  - Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
  - Medsin esansyèl yo
  - Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Si moun New York yo ap eksperimante yon entèripsyon kouran, moun New York yo ta dwe:

- Fèmen oswa dekonekte aparèy majè ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Toujou kite yon anpoul limen pou ou ka konnen lè yo retounen bay kouran an. Konsidere itilize pwotektè pou sichaj kouran yo nenpòt kote ke ou itilize ekipman elektwonik.
- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite nan Eta New York yo, vizite Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta New York la. Tcheke pou w wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès frede lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen sentòm sa yo.
- Si ou nan yon batiman ki wo, itilize eskalye yo epi ale nan nivo ki pi ba nan batiman an. Si ou bloke nan yon asansè, rete tann asistans. Pa eseye fòse pòt yo ouvri. Rete pasyan - genyen anpil lè epi anndan asansè a elabore pou sekirite pasaje yo.
- Sonje bay bèt domestik ou yo dlo fre.
- Elimine vwayaj ki pa nesèsè yo, espesyalman sa nan machin yo. Siyal sikilasyon yo pral sispann fonksyone pandan yon entèripsyon, sa ki ap kreye anbouteyaj ak kondisyon ki danjere pou moun kondwi. Si ou dwe kondwi pandan yon blakawout, sonje obeyi règ arè 4 wout lan nan entèseksyon ak siyal sikilasyon ki pa fonksyone yo.
- Sonje ke ekipman tankou gichè automatik yo (ATM) ak asansè yo ka pa fonksyone.

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sit wèb DHSES la nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)

